

ENSTRIKSYON DAVANS

Mwen fè enstwiksyon davans sa a avèk volonte mwen (chwa mandatè ak/oswa testaman byolojik) depi mwen siyen oswa depi mwen make li, oswa depi mwen mande pou yo siyen li mwen an prezans mwen. Mwen rekonèt mwen ka aktive nenpòt, toulède oswa okenn nan de (2) pati fòm nan, epi nan okenn ka mwen kapab chanje lide mwen pita. Mwen fè sa paske mwen vle chwazi kijan doktè mwen yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo ap trete mwen. Si gen yon moman lè mwen pa kapab kominike oswa lè mwen pa kapab pran pwòp desizyon pou swen sante mwen, m ap mande tout moun ki konsène yo avèk swen sante mwen pou yo egzekite dokiman sa a. Answit, mwen konfime deklarasyon sa yo pa fèt kòm yon kondisyon pou tretman mwen oswa pou admisyon mwen nan yon sant medikal Public Health Trust.

Pati 1 – Chwa yon Mandatè Swen Sante (pou pran desizyon yo pou mwen si mwen pa kapab fè sa)

Lalwa Florida pwoteje dwa pasyan yo pou yo chwazi lòt moun pou pran desizyon sou swen sante pou yo si yo pa kapab fè sa. Poutèt sa, sizoka yo detèmine mwen pa kapab bay konsantman mwen ki baze sou enfòmasyon pou tretman medikal, tankou men pa sèlman pwosedi chirijikal ak dyagnostik pou resewa, refize oswa anile pwosedi medikal oswa lòt tretman, mwen chwazi yon mandatè swen sante pou pran desizyon yo pou mwen dapre jan li konprann dezi ak valè mwen yo. Mwen rekonèt enpòtans pou pale avèk mandatè mwen konsènan zafè sa yo. Answit, mwen otorize mandatè mwen pou aplike pou avantaj piblik epitou pou li otorize admisyon mwen, egzeryat mwen oswa transfè mwen pou ale oswa pou sòti nan nenpòt sant swen sante.

Mandatè Swen Sante	Lòt Mandatè Swen Sante (si mandatè prensipal mwen pa vle oswa pa kapab sèvi)
Non:	Non:
Adrès	Adrès
Nimewo telefòn: Imèl:	Nimewo telefòn: Imèl:

Pati 2 – Testaman Byolojik Deklarasyon (pou di mwen pa vle pwolonje pwosesis pou mwen mouri sou plan atifisyèl)

Si mwen entatad epi si mwen soufri yon maladi ki nan dènye etap, yon pwoblèm medikal ki nan dènye etap, oswa si mwen nan eta inaktif kwonik, epi si doktè k ap swiv mwen oswa k ap trete mwen detèmine pa gen posiblite medikal ki rezonab pou mwen geri nan maladi a, mwen mande pou yo pa fè oswa pou yo refize pwosedi pou pwolonje lavi a lè aplikasyon pwosedi yo ta sèvi sèlman pou pwolonje pwosesis pou mwen mouri, epi pou yo kite mwen mouri nòmalman avèk sèlman medikaman oswa pwosedi medikal (yo) yo kwè ki nesèsè pou ban mwen swen pou soulajman oswa pou redui oswa elimine doulè a. Mwen vle pou fanmi mwen, mandatè mwen ak doktè mwen egzekite deklarasyon sa a kòm ekspresyon final dwa legal la pou refize tretman an epi pou aksepte konsekans yo pou refi a.

Mwen Dakò pou Testaman Byolojik la _____ **OSWA** Mwen Pa Dakò pou Testaman Byolojik la pou kounye a _____
Inisyal Inisyal

Lòt enstriksyon pou ekip swen sante mwen : _____

Siyati pasyan an: _____

Ekri Non an lèt detache _____ Dat _____

NÒT POU TEMWEN YO: Moun ki deziyen kòm mandatè a kapab yon temwen. Omwen yon temwen pa dwe madanm/mari oswa manm fanmi pwòch moun ki siyen testaman byolojik la.

Siyati Temwen: _____ Siyati Temwen: _____

Ekri non an lèt detache: _____ Ekri non an lèt detache: _____

Dat: _____ Dat: _____



MIAMI, FLORIDA 33136-1096



ADV-DIR

ENSTRIKSYON DAVANS